

## Volay ak Salmonèl

Tout volay (poul, kana, zwa, pentad ak kodenn) ka gen salmonèl kèleswa moman nan vi yo. Pifò fwa, yo pa bay okenn siy yo malad. Lè nou suiv etap ki apre yo, sa kapab ede pou redui risk pou moun oswa zwazo pran salmonèl.

### Pwoteje zwazo w yo lè:

- ▶ **Tabli yon pwogram pou lite kont bêt tankou sourit ak rat.**  
Mòd bêt sa yo ka pote e gaye salmonèl.
- ▶ **Reduc e gen kontwòl sou popilasyon mouch ak ensèk ki mòde yo.** Ensèk ki mòde yo ka gaye salmonèl ak lòt maladi.
- ▶ **Trete bêt w ap gade yo ak probyotik.** Probyotik yo ogmante kantite bon bakteri ki nan sistèm dijestif la, sa ki redui kantite bakteri ki enfekte ki te la yo. Li ka bon tou pou retire bêt yo pou mete yo yon kote ki pwòp, epi kouvri espas ki kontamine yo ak bon tè.



### Pwoteje ou menm ak fanmi w lè:

- ▶ **Lave men.** Pi bon bagay ou ka fè se toujou sèvi ak dlo ak savon apre w fin pran swen zwazo, fin manyen ze oswa w te nan anviwònman yo te ye.
- ▶ **Fè poul yo ret lwen jaden yo.** Sa ap ede pou pwodui w yo pa kontamine ak twalèt bêt.
- ▶ **Lave tout pwodui yo.** Menmsi pa t gen poul nan jaden w, ou dwe toujou byen lave yo anvan w manje yo.
- ▶ **Byen kuit manje yo.** Asire w ou byen kuit ze ak poul anvan w manje yo.
- ▶ **Jere fwi ak legitim yo anvan, e volay yo an dènye.** Sa ap ede pou redui risk pou yon pwodui kontamine yon lòt.
- ▶ **Lave men w (ankò).** Asire w ou lave men w anvan manyen manje ki kri yo e apre w fin fè sa.

Pou plis enfòmasyon, gade;

Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Salmonèl;

<https://www.mass.gov/service-details/salmonella>

Pou jwenn enfòmasyon sou salmonèl nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC);

<https://www.cdc.gov/salmonella/index.html>

Pou jwenn enfòmasyon nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) sou fason pou manyen manje san okenn danje:

<https://www.cdc.gov/foodsafety/communication/food-safety-in-the-kitchen.html>

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou ou menm ak volay ou yo kontinye gen bon sante;

<https://www.cdc.gov/healthypets/pets/farm-animals/backyard-poultry.html>

Pou w jwen enfòmasyon sou epidemi salmonèl ki gen kounye a ak volay w ap gade nan lakou lakay ou;

<https://www.cdc.gov/salmonella/backyardpoultry-05-20/index.html>

Afich pou fanmi ak twoupo bêt ki an sante;

<https://www.cdc.gov/healthypets/resources/backyard-flock-8x11.pdf>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou bêt, sante piblik, ak bay maladi;

Asosyasyon nasyonal veterinè sante piblik eta yo (NASPHV), Dokiman sou bêt ki nan espas piblik;

<http://www.nasphv.org/documentsCompendiumAnimals.html>